

DBP NOUVÈL SEMENN LAN

*Yon Jounal ke nou pibliye chak semèn pou fanmi ki fè pati de Klinik
Devlopman ak Konpòtman Timoun nan Boston Medical Center.*

SA KAP PASE?

Hanukkah 2020 kòmanse Jedi 10 desanm nan aswe, kontinye pou 8 jou, epi fini Vandredi 18 desanm. Inisiyativ "Jewish Arts Collaborative" ap travay sou yon pwoje yo rele Brighter Connected. Yon pwojè ki fokis sou enstalasyon bel limyè atizanal Hanukkah a nan fenèt nan 8 katye Boston. Travay atizanal sa yo fèt spesifikman pou moun gade a distans. Klike la pou ou ka we map bèl enstalasyon limyè sa yo.



AKTIVITE

Eske wap chèche yon aktivite ki anfòm e ki ka sèvi kòm kado? Eseye fè pat ak sèl sa yo! Melanje 2 tas farinn ak 1 tas sèl nan yon gwo bol. Apresa, vide $\frac{3}{4}$ tas dlo tyèd nan menm bol sa. Melanje farinn la, sèl la ak dlo a ansanm, fèl fè yon pat mou. Roule pat la byen roule, fèl fe yon boul epi peze pla men pitit ou nan boul pat la pou ou ka platil. Ak yon kouto, retire res pat sou kote men li pandan wap siv tras fòm men li. Pran pat fòm men li an, metel nan yon plato anba fou a 300 degre pou 1 è de tan pou li sa kuit. Si ou planifye dekore abdenwèl ou avèk pat la, pa bliye mete yon trou nan pat la ak yon chalimo anvan ou mete li nan fou a. Kou fòm pat men an finn kuit, retire li anba fou a, kite'l frèt epi pentirel koulè ou vle.

RESOUS

Si ou pat tande pale de sa. Oganizasyon yo rele "Special Needs Advocacy Network (SPANMASS) ak Federasyon Timoun ki bezwen Sèvis Espesyal (FCSN) ofri yon fòmasyon sou entènèt la ki rele " *Edikasyon Espesyal Kounya: Prezans Nou Pou Tèt Nou ak Pwochen Nou yo nan Tan Pandemi Sa*". Komisyon ak Direktè Leta Edikasyon Espesyal la, Russell Johnston te fè yon prezantasyon sou kijan nou ka jwenn sipò nan tan stress sa ansanm avèk enfòmasyon sou sipò ke DESE mete an plas ane sa. Klike la pou aprann plis.



FEDERATION FOR CHILDREN
WITH SPECIAL NEEDS

DBP NOUVÈL SEMENN LAN

ÈD POU

SEZON FÈT YO

Ane 2020 an te difisil pou nou tout. Nou ap eseye bay èd ak manje, chofaj, ak kado pou sezon fèt yo. Ou mèt fè nou konnen si ou bezwen èd paske ekip nou an la pou ou si ou gen kesyon oswa ta bezwen èd.



CHOFAJ



Tan fredri a rantre sou nou, nou konprann ke bill chofaj la ka monte a koz ke ou ka bezwen itilize li plis. Chaje pwogram ki disponib pou rezidan Massachusetts ki ka ede yo peye bill sa yo. Li enpòtan pou ou konnen ke yo pap koupe ni gaz ou swa kouran ou pandan eta ijans ki genyen nan Massachusetts kounya. Pou Boston: ABCD Fuel Assistance 24/7 liy ijans: 617.348.6599.



MANJE



“Pwojè Pen” konekte moun ak kominote nan Massachusetts a kote e kijan yo ka jwenn manje pandan ke yap lite pou manje ka vinn pi fasil pou jwenn, pou pèsonn pa ret grangou. Si ou nan Massachusetts eke ou bezwen èd pou ou ka jwenn manje, komanse rele FoodSource Hotline. Ou ka rele nimewo hotline la pou ou ka jwenn tout enfòmasyon sou sèvis ke ou ka bezwen. Rele FoodSource Hotline la pou ou ka jwenn manje ki pa chè pou tèt ou ak fanmi ou.



KADO



Sezon fèt sa ka difisil pou kèk fanmi. Si ou ta bezwen èd ak sipò pou ou ka jwenn kado pou ou bay timoun ou yo pou fèt la, ou ka elijib pou ou resevwa asistans nan men ofis depatman tranzisyon lokal ou a. Ou ka rele nan 877-382-2363 oswa klike [la](#) pou plis enfòmasyon.

Inisiyativ “Action for Boston Community Development Winter Fund” la pou li supòte fanmi ki nan nesosite nan bayo manje, abiman pou fredri, jwèt pou timoun ansanm ak pwodi de baz ke yo ka bezwen pou sezon fèt la. Si ou poko konekte avek ABCD men ou ta renmen konnen kijan yo ka ede ou, rele yo nan 617-348-6559 oswa klike [la](#).



Eske ou ta renmen pataje sa ou genyen ak lòt moun pandan sezon fèt la? Chaje jan ke ou ka sipote fanmi ki nan nesosite nan kominote ke ou a. Pa egzanzp, ou ka ekri kat pou pèsonaj ki ap viv nan nèsing om yo, ou ka bay abiman fredri ki pa bon pou ou oswa timoun ou yo ankò, ou byen ou ka menm ale ede mete manje nan sache nan kote yo bay manje nan zòn lakay ou. Nenpòt ki ti patisipasyon ou ka bay pou fè sezon fèt sa espesyal konte.



DBP NOUVÈL SEMENN LAN

RESOUS

Boston Medical Center la pou li sipòte ou pandan tan difisil sa.

Voye yon je sou nouvo lis resous ke nou poste a, li gen lyen ki ka voye'w al aprann sou entènèt la, lyen sou istwa sosyal, pwogram mizik, bèt, pwogram sou sante fizik, klass an dirèk ansanm ak yon pakèt lòt bagay sou entènèt la. Nan dezyèm seksyon an wap jwenn kijan ou ka jwenn manje gratis ak sevis sou koze finans ak kòb nan Massachusetts la. Lis sa disponib nan plizyè lang, e nap kontinye ajoute enfòmasyon ladan li regilyèman.

Ou gen yon enfòmasyon ou ta renmen pataje? Voye yon e-mail ba nou autismprogram@bmc.org ak sigjesyon.



Si ou ta renmen gen aksè a anrejistreman semina nou yo sou entènèt la: Kijan Pou Ou Pran Swen Timoun Ki Gen Otis ak Diferans nan Devlopman yo, tanpri vizite : <https://www.youtube.com/channel/UCifYfJKUuSa8XzytUcn-Anw>

KLINIK

Staf Klinik Developman ak Kòpòntman Timoun lan disponib pa telefòn/Zoom pou randevou. Tanpri rele 617-414-4841 si ou gen kesyon oswa bezwen sipò. Si ou bezwen kreye yon kont sou Zoom, vizite site sa

zoom.us/signup

STAF KLINIK NOU AN

Marilyn Augustyn, MD

Naomi Steiner, MD

Arathi Reddy, DO

Ana Carolina Sanchez, MD

Jodi Santosuosso, NP

Rachel Amgott, NP

Christina Lazdowsky, NP

Mei Elensary, MD

Alyssa King, PhD

Ana Treadaway, MD

Mediatrice Mbamalu, MD

Christine McGivney, DO

Jocelyn Kuhn, PhD

Audrey Christiansen, MD



DETAY SOU JOURNAL SA

Journal sa se yon inisiyativ ke Pwogram Otis nan Boston Medical Center pran, yon pwogram ki sipòte klinik Developman ak Konpòtman Timoun lan. Nou la pou nou sipòte nenpòt ki fanmi ki vini nan klinik nou an ak kenpòt maladi timoun lan soufri a. Tanpri pa ezite rele nou epi suiv nou sou tout rezo sosyo pou plis enfòmasyon.



BMC.org/autism
autismprogram@bmc.org



@The Autism Program at
Boston Medical Center



@BMCAutismProgram